

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Métode Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun ngahasilkeun data kalayan tujuan jeung kagunaan nu tangtu. Métode nu dipaké dina panalungtikan ieu nya éta métode déskriptif. Sacaraharfiah, panalungtikan déskriptif mangrupa akumulasi data kalayan déskriptif hungkul. Jeung uji hipotésis, teu diramalkeun, atawa teu boga'an implikasi (Suyatna, 2002:14).

Maksud digunakeuna ieu métode nya éta pikeun ngadéskripsikeun masalah nu saayana, kucara ngumpulkeun data, nafsirkeun jeung méré kacindekaan. Panalungtikan déskriptif narékahan sangkan bisa ngagambarkeun kalayan sistematis jeung taliti fakta-fakta actual jeung sipat-sipat populasi anu tangtu, tujuanna pikeun ngungkulan pasualan-pasualan actual nu disanghareupan ayeuna, sarta ngumpulkeun data atawa informasi pikeun disusun, dipedar, sarta dianalisis (Margono, 2009:8).

Métode déskriptif digunakeun dina ieu panalungtikan lantaran luyu jeung tujuan nu rék dihontal, nya éta ngadéskripsikeun data anu geus ngumpul, anu satuluyna dianalisis jeung ditafsirkeun.

Anapon léngkah-léngkah dina panalungtikan, di antarana kayaning ieu di handap:

- 1) Ngayakeun obsérvasi ka tempat panalungtikan,
- 2) Nangtukeun sumber data,
- 3) Ngumpulkeun data,
- 4) Ngola data,

Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

5) Ngadéskripsikeun jeung nyindekeun hasil analisis data.

3.2. Populasi jeung Sampel

3.2.1. Populasi

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabèh siswa jeung guru SMA Laboratorium Percontohan UPI.

3.2.2. Sampel

Arikunto (2006:131) nyebutkeun yén sampel nya éta sabagian atawa wakil populasi anu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun sampel quota. Pikeun nagtukeuna siswa teu diundi. Sampel dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas X B nu aya di SMA Laboratorium Percontohan UPI.

3.3 Prosedur Panalungtikan

3.3.1. Téknik Panalungtikan

Téknik anu digunakeun nya éta teknik ngumpulkeun data jeung téknik analisis data. Téknik ngumpulkeun data kucara observasi kasakola nya éta ngayakeun tés. Tujuan téhnik tés nya éta sangkan bisa mikanyaho kana kamampuh siswa dina nulis naskah biantara, pangpangna dina segi eusi karangan, gaya basa nu dipaké, pilihan kecap (diksi), sarta karapihan tulisan.

3.3.2. Téknik Ngumpulkeun Data

Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

TékNIK ngumpulkeun data anu digunakeun dina panalungtikan nya éta tékNIK obsérvasi data, maksudna kagiatan museurkeun perhatian kana hiji objék ngagunakeun pancaindera.



Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3.3. Instrumèn Panalungtikan

Instrumèn atawa alat nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya èta tès kamampuh nulis naskah biantara. Tès nu digunakeuna nya èta tès prèstasi nu sok digunakeun pikeun ngukur kamampuh hiji jalma sabada diajar hiji hal.

Kritèria meunteun hasil karangan siswa:

- 1) Eusi
Mariksa gagasan dina tulisan nu disusun ku murid
- 1) Gaya basa
Milih gaya sarta tulisan nu merenah ngagunakeun kalimah nu èfèktif
- 2) Diksi
Milih kecap nu merenah nu disusun ku murid
- 3) Struktur kalimah
Struktur kalimah nu merenah nu disusun ku murid
- 4) Karapihan tulisan
Karapihan tulisan mangrupa indikator tampilan fisik. Tulisan jieunan murid ngagunakeun huruf nu jelas sarta babari kabaca.

Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.3.3.

PADOMAN MEUNTEUN NASKAH BIANBARA

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat	Keterangan
Eusi	27-30	hadé pisan- sampurna	loba pisan gagasana
	23-26	cukup- hadé	loba gagasana
	19-22	sedeng- cukup	gagasanna kurang
	15-18	pisan- kurang	gagasanna saeutik pisan
Gaya Basa	22-25	hadé pisan- sampurna	merenah pisan
	18-21	cukup- hadé	merenah
	14-17	sedeng- cukup	kurang merenah
	10-13	pisan- kurang	teumerenah
Diksi	17-20	hadé pisan- sampurna	merenah pisan
	13-16	cukup- hadé	merenah
	9-12	sedeng- cukup	kurang merenah
	5-8	pisan- kurang	teumerenah
Struktur Kalimah	17-20	hadé pisan- sampurna	merenah pisan
	13-16	cukup- hadé	merenah
	9-12	sedeng- cukup	kurang merenah
	5-8	pisan- kurang	teumerenah
Karapihan Tulisan	8	hadé pisan- sampurna	rapih, jelas, kabaca
	7	cukup- hadé	kabaca
	6	sedeng- cukup	lumayan kabaca
	5	pisan- kurang	teu kabaca
Jumlah Skor	5-30		

Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

INSTRUMEN TÉS KEUR SISWA

Pék jieun naskah biantara panjangna sakurang-kurangna opat paragraf, anu eusina:

- a. Biantara ngeunaan paturay tineung
- b. Biantara ngeunaan kabersihan
- c. Biantara ngeunaan kabudayaan

3.3.4. Téknik Ngolah Data

Téknik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téknik analisis, klasifikasi data (ngumpulkeun data-data anu aya dumasar kana jenisna), jeung tabulasi data (ngalaporkeun data dina wangun tabél).

3.4 Langkah Panalungtikan

Léngkah-léngkah anu dipilampah dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah, nya éta: tatahar, ngumpulkeun data, ngola data jeung nyusul lapoaran.

- a. Tatahar
 - 1) Ngasongkeun usulan panalungtikan,
 - 2) Nyusun rancangan panalungtikan,
 - 3) Ngayakeun studi pustaka,
 - 4) Nangtukeun sumber data,

Yeni Yunia, 2013

Kamampuh Siswa Kelas X SMA Laboratorium Percobaan UPI Dina Nulis Naskah Biantara

5) Konsultasi jeung dosen pangaping.

b. Ngumpulkeun data

- 1) Ngayakeun tés kamampuh nulis naskah biantara,
- 2) Konsultasi jeung dosen pangaping,

c. Ngola data

- 1) Mariksa sakabéh data anu geus dikumpulkeun,
- 2) Nganalisis kasalahan nu aya dina biantara,
- 3) Ngajén kamampuh siswa dina makéna diksi, gaya basa, stuktur kalimah, eusi, jeung karapihan tulisan,
- 4) Ngadéskripsikeun data panalungtikan,
- 5) Konsultasi jeung dosen pangaping.

d. Nyusun laporan

- 1) Hasil panalungtikan disusun dumasar aturan anu aya dina karangan ilmiah pikeun nyusun skripsi.
- 2) Konsultasi jeung dosen pangaping.